# Eski jazba dáreklerdi saqlaw hám izertlew sistemasın jetilistiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

Keyingi jıllarda mámleketimizde Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayı, Imam Buxariy, Imam Termiziy, Imam Maturidiy xalıqaralıq ilimiy-izertlew orayları hám Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası jumısınıń shólkemlestiriliwi ózbek jerinde tuwılıp, ilimiy jumıs alıp barǵan ullı alım hám oyshıllardıń miyrasın ilimiy izertlew hám onıń nátiyjelerinen ámeliy paydalanıw procesinde jańa basqıshtı baslap berdi.

Jańa Ózbekstan rawajlanıwınıń búgingi basqıshında ullı alım hám oyshıllarımızdıń kóplegen biybaha shıǵarmaların, siyrek ushırasatuǵın jazba dáreklerin saqlaw, úyreniw hám keleshek áwladqa biynuqsan jetkeriw baǵdarındaǵı jumıslardı bunnan bılay da jedellestiriw ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Xalqımızdıń biybaha múlki esaplanǵan siyrek ushırasatuǵın jazba hám tasbaspa miyrasın saqlaw hám izertlew sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw hám bul processke sanlı texnologiyalardı keńnen engiziw maqsetinde:

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 16-iyuldegi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayınıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında»ǵı PQ-5168-sanlı qararına muwapıq Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayı, Ilimler akademiyası Abu Rayxan Beruniy atındaǵı Shıǵıstanıw institutı eski jazba dáreklerdi oraylasqan halda saqlaw, izertlew, olardıń jaǵdayın turaqlı monitoring etiw boyınsha juwapker mámleketlik mákemeler etip belgilengeni maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayı (keyingi orınlarda – Oray), Ilimler akademiyası Abu Rayxan Beruniy atındaǵı Shıǵıstanıw institutı (keyingi orınlarda – Shıǵıstanıw institutı hám Áliysher Nawayı atındaǵı Ózbekstan Milliy kitapxanasınıń (keyingi orınlarda – Milliy kitapxana) jámiyetshilik ushın ashıq bolǵan Eski jazba dárekler mámleketlik reestrin (keyingi orınlarda – Mámleketlik reestri) qáliplestiriw hám mámleket qaramaǵındaǵı muzeyler, kitapxanalar hám arxiv fonlardıń jumısına integraciyalaw haqqındaǵı usınısı maqullansın.

Oray Mámleketlik reestrdi qáliplestiriw hám júrgiziw, sonday-aq, eski jazba dáreklerin basqıshpa-basqısh sanlastırıw ushın juwapker mámleketlik mákeme etip belgilensin.

Sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq Oray:

respublika aymaǵındaǵı barlıq muzeyler, kitapxanalar hám arxiv fonlarında saqlanıp atırǵan eski jazba dáreklerdiń mámleketlik reestrin dúzedi hám turaqlı monitoringin júrgizedi;

Mámleketlik reestr tiykarında eski jazba dáreklerdiń túrleri boyınsha (qoljazba, tasbaspa dárekler, tariyxıy hújjetler) katalogları hám elektron nusqaların jaratadı, olardı Eski jazba dárekler mámleketlik reestrin júrgiziw boyınsha birden-bir málimleme sistemasına kirgiziw hám turaqlı tolıqtırıp barıw ilajların kóredi;

Oray hám Shıǵıstanıw institutında oraylasqan halda saqlanatuǵın hám Mámleketlik reestrge kirgizilgen eski jazba dáreklerdiń jaǵdayı, turaqlı monitoringi hám izertleniwiniń nátiyjeleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardıń turaqlı túrde arnawlı portallar hám ǵalaba xabar qurallarında járiyalanıwın támiyinleydi;

Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası hám Kamaliddin Behzad atındaǵı Milliy súwretshilik hám dizayn institutı menen birgelikte eski jazba dáreklerdiń konservaciyası hám restavraciyası menen shuǵıllanıp atırǵan taraw xızmetkerleriniń turaqlı túrde kásiplik potencialı hám mamanlıǵın arttırıw, sonday-aq, taraw ushın jetik maman kadrlardı tayarlaw boyınsha ilajlardı ámelge asıradı.

Oray:

a) bir ay múddette Turizm hám sport ministrligi, Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyalarıń rawajlandırıw ministrligi, Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi, Ilimler akademiyası hám «Ózarxiv» agentligi menen birgelikte Eski jazba dáreklerdiń mámleketlik reestrin júrgiziw boyınsha birden-bir málimleme sistemasın (keyingi orınlarda – birden-bir málimleme sisteması) jaratıw koncepciyası hám texnikalıq tapsırma joybarın islep shıqsın hám joybar texnikalıq hújjetlerdiń belgilengen tártipte eksertizadan ótkeriliwin támiyinlesin;

b) eki ay múddette:

Shıǵıstanıw institutı, Imam Buxariy xalıqaralıq ilimiy-izertlew orayı, Mádeniy miyras agentligi hám «Ózarxiv» agentligi menen birgelikte Eski jazba dáreklerdiń mámleketlik reestri haqqındaǵı rejeni islep shıqsın hám tastıyıqlaw ushın belgilengen tártipte Ministrler Kabinetine kirgizsin;

respublika aymaǵındaǵı muzeyler, kitapxanalar, arxiv fondları hám basqa da mákemelerde saqlanıp atırǵan eski jazba dáreklerdiń ilimiy aktuallıǵı hám áhmiyetliligine qarap, olardı awdarıw hám izertlew kestesin islep shıǵıp, tastıyıqlasın hám xalıqshıl tilde

basqıshpa-basqısh basıp shıǵarılıwın jolǵa qoysın.

Ministrler Kabineti Oray menen birgelikte:

eki ay múddette mámleket qaramaǵındaǵı muzeyler, kitapxanalar, arxiv fondları hám basqa da mákemelerde saqlanıp atırǵan eski jazba dáreklerdi Oray qaramaǵına ótkeriw boyınsha rejeni tastıyıqlap, basqıshpa-basqısh ámelge asırsın;

Orayǵa saqlaw hám izertlew ushın alıp kelingen eski jazba dárekleriniń tiyisli (aymaqlıq, uyımlıq, jeke hám basqa) tánliginen kelip shıǵıp, óz aldına kollekciya halında qorǵalıwın támiyinlesin;

reje-grafik tiykarında sırt mámleketlerge ilimiy ekspediciyalar shólkemlestiriw arqalı xalıqta hám hár qıylı fondlarda saqlanıp atırǵan elimizdiń alımları hám oyshıllarınıń dóretiwshiligine tiyisli bolǵan eski jazba dáreklerdiń katalogların hám elektron nusqaların anıqlaw, Oray fondına alıp keliw hám ilimiy aylanısqa kirgiziw ilajların kórsin;

eki ay múddette fizikalıq hám yuridikalıq tareplerden eski jazba dáreklerdi satıp alıw, olardı mámleket qaramaǵına tapsırıw mexanizmlerin islep shıqsın.

Oray janında yuridikalıq tárep statusına iye bolmaǵan Eski jazba dáreklerdi konservaciyalaw hám restavraciyalaw laboratoriyası (keyingi orınlarda – Laboratoriya) shólkemlestirilsin hám Laboratoriya tárepinen ótkeriletuǵın izertlew sınaqlarınıń tiykarǵı baǵdarları 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Laboratoriya respublika aymaǵındaǵı muzeyler, kitapxanalar hám basqa da mákemelerdiń arxiv fondlarında, fizikalıq hám yuridikalıq tareplerde saqlanıp atırǵan eski jazba dáreklerdi olardıń buyırtpası tiykarında qayta islew jumısların ámelge asıratuǵını;

eski jazba dáreklerdi qayta islewden túsken qarjılar Oray hám Laboratoriya jumısın rawajlandırıwǵa jumsalatuǵını;

Laboratoriyanı shólkemlestiriw, zárúr ásbap-úskeneler, komplektlewshi materiallar menen támiyinlew hám olardı ornatıw, sonday-aq, óz baslamasına bola Oray fondında saqlanıp atırǵan eski jazba dáreklerdi qayta islewge baylanıslı qárejetler Oray ushın Mámleketlik byudjetten ajıratılǵan qarjılar sheńberinde, Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayın rawajlandırıw qorı (keyingi orınlarda – Qor)nıń qarjıları, xalıqaralıq finans institutları hám shólkemlerdiń texnikalıq járdem qarjıları (grantlar) hám nızamshılıq hújjetlerinde qadaǵan etilmegen basqa da dárekler esabınan qarjılandırılatuǵını;

Laboratoriya jumısına jazba dáreklerdi konservaciyalaw hám restavraciyalaw baǵdarında jeterli dárejedegi bilim hám jumıs tájiriybesine iye bolǵan maman qánigeler Oray tárepinen Qordıń esabınan puqaralıq-huqıqıy shártnamalar tiykarında tartılatuǵını belgilep qoyılsın.

Laboratoriya Tashkent qalası, Abdulla Qadiriy kóshesi, 11-jay mánzilindegi Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası imaratına biypul paydalanıw huqıqı tiykarında waqtınsha jaylastırılsın.

Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi (B.Abidov, Sh.Vafaev) Laboratoriya jumısı ushın xalıqaralıq finans institutları hám shólkemlerdiń texnikalıq járdem qarjıları (grantlar)n tartıwǵa járdemlessin.

Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi, Ózbekstan Kórkem óner akademiyası:

2022-2023-oqıw jılınan baslap Kamaliddin Behzad atındaǵı Milliy súwretshilik hám dizayn institutında «Eski jazba dáreklerdi konservaciyalaw hám restavraciyalaw» tálim baǵdarında kadrlar tayarlawdı jolǵa qoysın;

Shıǵıstanıw institutı hám Oray menen birgelikte eki ay múddette respublikadaǵı ilimiy oraylar, muzeyler, kitapxanalar hám basqa da mákemelerdiń qoljazba fondlarındaǵı jaǵdaydı úyrenip, dárektanıw-restavratorlarǵa bolǵan talaptı anıqlasın hám 2022-2023-oqıw jılı ushın tálim baǵdarına kvota ajıratıw haqqında Ministrler Kabinetine usınıs kirgizsin.

Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitet 2022-2023-oqıw jılınan baslap Tashkent mámleketlik shıǵıstanıw universiteti, Áliysher Nawayı atındaǵı Tashkent mámleketlik ózbek tili hám ádebiyatı universiteti, Buxara mámleketlik universiteti hám Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyasında «Tekstologiya hám ádebiy dárektanıw» tálim baǵdarı hám qánigeligi boyınsha bakalavriat hám magistratura basqıshları ushın zárúr kvotalar turaqlı ajıratıp barılıwın támiyinlesin.

«Tekstologiya hám ádebiy dárektanıw» hám «Filologiya hám tillerdi oqıtıw (klassikalıq filologiya)» tálim baǵdarları hám qánigelikleri boyınsha studentlerdiń oqıw procesi, ámeliyatı, diplom jumısı hám magistrlıq dissertaciyalardı qorǵaw Shıǵıstanıw institutı, Oray, Áliysher Nawayı atındaǵı Mámleketlik ádebiyat muzeyi hám basqa da qoljazba fondlarında tarawdıń jetik qánigeleri hám ilimpazlarınıń qatnasıwında ótkeriletuǵını;

Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası «Tekstologiya hám ádebiy dárektanıw» tálim baǵdarı boyınsha tayanısh joqarı bilimlendiriw mákemesi esaplanatuǵını belgilensin.

Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi úsh ay múddette:

Oray, Shıǵıstanıw institutı, Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası, Imam Buxariy xalıqaralıq ilimiy-izertlew orayı ushın eski jazba dáreklerdi úyreniw boyınsha ilimiy-izertlew jumıslarına mámleketlik buyırtpa belgilengen tártipte qáliplestiriliwin;

ilimiy jumısqa  baylanıslı mámleketlik baǵdarlamalar sheńberinde orınlanatuǵın maqsetli ilimiy joybarlarǵa Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan qarjılardıń ajıratılıwın támiyinlesin.

Oray Shıǵıstanıw institutı, Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası, Imam Buxariy xalıqaralıq ilimiy-izertlew orayı, «El-yurt umidi» qorı, Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi menen birgelikte 2022-jıldan baslap qoljazbalardı saqlaw hám izertlew menen shuǵıllanatuǵın ilimiy xızmetker hám restavratorlardıń hár jılı sırt elde ámeliyat ótewin hám stajirovkasın shólkemlestiriw ilajların kórip barsın.

Ilimiy xızmetker hám restavratorlardıń sırt elde ámeliyat ótewi hám stajirovkası buyırtpashı shólkemler ushın Mámleketlik byudjetten ajıratılatuǵın qarjılar sheńberinde, sonday-aq, byudjetten tıs qarjılar hám nızamshılıq hújjetlerinde qadaǵan etilmegen basqa da dáreklerdiń esabınan shólkemlestiriletuǵını belgilep qoyılsın.

Elimiz aymaǵında jasap ótken ullı alımlar menen oyshıllardıń ilimiy miyrasın xalıqtıń, ásirese, jaslardıń arasında buna bılay da ǵalaba en jaydırıw, olar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı zamanagóy usıllar arqalı jámiyetshilikke jetkeriw, sonday-aq, usı baǵdarda alıp barılatuǵın izertlewler ushın bunnan bılay da qolaylı imkaniyatlar jaratıw maqsetinde Internet dúnya júzilik málimleme tarmaǵında Elimiz alımları menen oyshıllarınıń turmısı jáne mádeniy miyrası haqqındaǵı ilimiy-aǵartıwshılıq portal (keyingi orınlarda – ilimiy-aǵartıwshılıq portal) hám onıń mobil qosımshası iske túsirilsin.

Mámleketlik reestrdi qáliplestiriw, ilimiy-aǵartıwshılıq portal hám onıń mobil qosımshasın iske túsiriw menen baylanıslı qárejetler Oray ushın Mámleketlik byudjette názerde tutılǵan maqsetli qarjılar jáne keyin ala onı saqlaw hám jumısın támiyinlewge baylanıslı qárejetler Qordıń qarjıları esabınan qaplanadı.

Tómendegiler:

a) Oray Milliy kitapxana, Kinematografiya agentligi hám Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi menen birgelikte eki ay múddette:

ilimiy-aǵartıwshılıq portalınıń iske túsiriliwin;

ilimiy-aǵartıwshılıq portalǵa ullı alım hám oyshıllardıń ómiri, ilimiy miyrası haqqındaǵı maǵlıwmatlar, olardıń jumısına baylanıslı basıp shıǵarılǵan kitaplardıń elektron nusqaları, filmler jáne jaslardıń intellektuallıq potencialın arttırıwǵa xızmet etetuǵın basqa da túrdegi maǵlıwmatlardıń jaylastırılıwın;

b) Jaslar isleri agentligi Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw ministrligi, Oray hám Milliy kitapxana menen birgelikte eki ay múddette aymaqlarda jaslar jetekshileri tárepinen ullı alımlar menen oyshıllardıń turmısı jáne ilimiy miyrastı jaslar arasında keń úgit-násiyatlaw hám ǵalaba en jaydırıw boyınsha máhálle kesiminde «jol karta»ları islep shıǵılıwı hám ámelge asırılıwın támiyinlesin.

Shıǵıstanıw institutı, Oray, Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası YuNESKO, Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat máseleleri boyınsha Islam dúnyası shólkemi (ICESCO), Islam tariyxı, mádeniyatı hám kórkem ónerin izertlew orayı (IRCICA) sıyaqlı abıraylı xalıqaralıq shólkemler hám ilimiy-izertlew mákemeleri menen birgelikte dástúriy túrde eski dereklerdi qorǵaw hám engiziwdiń áhmiyetli máselelerine baǵıshlanǵan xalıqaralıq konferenciya shólkemlestirsin.

Oray Ilimler akademiyası hám Sırtqı isler ministrligi menen birgelikte 2022–jıldıń aqırına shekem Oraylıq Aziya regionı sheńberinde eski jazba dáreklerdi saqlaw hám engiziw tarawında qońsılas mámleketler menen birge islesiw baylanısların jolǵa qoyıw boyınsha Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

Oray hám Ilimler akademiyası Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi menen birgelikte eski jazba dáreklerdi saqlaw hám izertlew tarawın bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde Islam rawajlanıw banki hám basqa da qorlar, donor shólkemlerdiń biyǵárez qarjıları hám járdemlerin tartıw ilajların kórsin.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 16-iyuldegi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayınıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında»ǵı PQ-5186-sanlı qararına 2-qosımshaǵa muwapıq qosımshalar hám ózgerisler kirgizilsin.

Oray mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte eki ay múddette nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózegerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministri A.N.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń keńesgóyi M.M.Kamilovqa júklensin.

**Ózbekstan Respublikası**

**Prezidenti** **Sh.MIRZIYoEV**

**Tashkent qalası,**

**2022-jıl 10-fevral**